



## KRIYE SE YON BAGAY NÒMAL

Bebe konn kriye, anpil, epi se nòmal. Fason paran ak gadyen jere kriye a enpòtan. Li pa janm akseptab pou souke yon bebe, ki kapab lakòz blesi grav, menm fatal. Konsidere ide sa yo pou evite Sendwòm Bebe ki Souke/Chòk Abizif nan Tèt epi okipe bebe nan yon manyè ki an sekirite ak nourisan.

## KONSÈY POU KALME BEBE W

Tcheke si l  
grangou.

Tcheke si  
kouchèt li sal.

Rele doktè si li  
sanble bebe a  
malad.

Mennen bebe a  
pwomene oswa nan  
vire nan machin.

Kenbe oswa  
balanse bebe a  
dousman.

Ofri l yon sousèt.

Pale dousman oswa  
jwe mizik kalm.

Tcheke pou wè si  
bebe a gen gaz.

## PRAN SWEN TÈT OU

- **Kalme W:** Rale gwo souf epi konte rive 20.
- **Soulaje Estrès an Sekirite:** Fè spò, pale ak yon moun, oubyen fè yon bon kriye.
- **Rilaks:** Fè mizik, fè lekti, oubyen gade televizyon.
- **Mande Èd:** Bay yon moun ou fè konfyans pran kontwòl pandan yon ti moman.
- **Kontakte Moun:** Rele doktè w, yon zanmi w, oubyen yon fanmi w pou sipò.

## EDIKE TÈT OU

**Sendwòm Bebe ki Souke/Chòk Abizif nan Tèt** fèt lè yon moun souke yon bebe avèk fòs. Menm si w souke li dousman, sa kapab lakòz blesi grav oubyen lanmò.

## SONJE

Kriye pa fè yon bebe mal... men SOUKE fè l mal!  
Si w sispèk yon moun te souke yon timoun, ale nan sal dijans ki pi pre w la touswit.

## APRANN PLIS

Skane kòd QR a oubyen ale sou sitwèb nou.  
[www.pcain.org](http://www.pcain.org)

